

TÈS POU

Enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay

Fason pou w Pase Aplikatè nan Gòj ou




1

Lave men ou.




2

Louvri bouch ou devan yon glas epi gade dèyè gòj ou.




3

Fwote aplikatè a dèyè gòj ou dousman. Asire w pase aplikatè a nan twa (3) kote ki gen won yo.




4

San ou pa mete aplikatè a atè, devise bouchon an.



5

Mete aplikatè a nan tib la epi kase pwent aplikatè a.



6

Revise bouchon an byen sere.



7

Lave men ou.

PA vide likid ki nan tib la oswa kase bouchon aliminyòm nan.

